

**Khutbah Hari Raya Idhul Fitri  
1441 Hijriyah**

**“SABAR ING DALEM UJIAN”**



**Oleh:  
PCNU Kabupaten Trenggalek**

**Sekretariat:  
Gedung PCNU Trenggalek Lt. 2  
Jalan Panglima Sudirman No. 26 Trenggalek  
1441 H / 2020 M**

## KHUTBAH IDHUL FITRI PCNU TRENGGALEK 1441 H

### KHUTBAH 1

اللَّهُ أَكْبَرُ X 9. لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ وَ لِلَّهِ الْحَمْدُ.  
الْحَمْدُ لِلَّهِ أَعَادَ الْأَعْيَادَ وَكَرَّرَ. وَأَطَالَ الْأَعْمَارَ إِلَى إِدْرَاكِ هَذَا الْيَوْمِ الْمُؤَفَّرِ.  
أَحْمَدُهُ سُبْحَانَهُ أَنْ خَلَقَ وَصَوَّرَ. ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ  
لَا شَرِيكَ لَهُ، شَهَادَةٌ يُثْقَلُ بِهَا الْمِيزَانُ فِي الْمَحْشَرِ. وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا  
عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الْمَبْعُوثُ إِلَى الْجِنِّ وَالْبَشَرِ. اَللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ  
عَلَى سَيِّدِنَا وَحَبِيبِنَا وَفُرَّةِ أَعْيُنِنَا مُحَمَّدٍ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ صَادِقِ  
الْخَبَرِ. وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَذُرِّيَّتِهِ أُولِي الْفَضْلِ الْأَفْخَرِ. وَسَلَّمَ  
تَسْلِيمًا كَثِيرًا.

أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ. اتَّقُوا اللَّهَ وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ يُزَكِّي قَلْبَ الصَّائِمِينَ  
بِتَمَامِ الصِّيَامِ وَالْفِطْرِ. فَقَدْ قَالَ اللَّهُ فِي كِتَابِهِ الْكَرِيمِ: قَدْ أَفْلَحَ مَنْ  
تَزَكَّى. وَذَكَرَ اسْمَ رَبِّهِ فَصَلَّى. بَلْ تُؤَثِّرُونَ الْحَيَاةَ الدُّنْيَا. وَالْآخِرَةَ  
خَيْرٌ وَأَبْقَى ُ

*Hadirin Jamaah Sholat Ied ingkang minulyo*

Alhamdulillah...wonten ing enjang meniko, kita saget ngelahiraken raos syukur dateng ngarsane Allah ingkang moho kuwaos, ingkang punopo, kita sampun saget ndere'aken lan nglampahi perintahipun Allah SWT, arupi shiyam wonten ing wulan Romadlon, dangune setunggal wulan, ngrekso raos luwe, raos ngelak. Ugi saget nglampahi dzikir lan tasbih, tadarrus al

Qur'an, sholat sunnah tarowih, ugi amalan sahe lintunipun. Lan enjing meniko kito sami saget makempal saperlu ninda'aken sholat idul fitri. Mugi2 sedoyo ingkang sampun kita lampahi meniko, utamanipun shiyam romadlon, saget ndadosaken wasilah sedoyo duso kito dipun maghfiroh kaliyan Allah. Aamiin Ya Robbal 'Alamiin.

اللَّهُ أَكْبَرُ X 3 ,,,, لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ, اللَّهُ أَكْبَرُ وَ لِلَّهِ الْحَمْدُ.

*Hadirin kaum muslimin ingkang minulyo*

Kito sedoyo sami menyadari, bilih Riyadin ingkang kito rayaaken wonten ing tahun meniko, sangat ISTIMEWA, dipun raosaken kalih sedoyo menungso ingkang beriman, sebab menopo? Sebab Allah SWT taksih nambahi ganjaran dateng kawulane, ngresiki duso2nipun kawulane klawan nambahi UJIAN, cobaan, ugi musibah arupi penyakit /Pagebluk Virus Corona wonten ing sekitar kito sedoyo, bumi Nusantara meniko. Inkang ngaten meniko, nuntut dateng kito sedoyo supados ngatah2aken intropeksi utawi muhasabah. Bilih nopo ingkang dipun kersaaken Allah (taqdir) mboten saget dipun lawan utawi dipun atasi kalih karepe menungso. Kito sedoyo ugi kedah sadar, bilih musibah Virus Corona meniko, termasuk bagian saking musibah ingkang sampun dipun rencanaaken kaliyan Allah SWT. Allah SWT dawuh :

مَا أَصَابَ مِنْ مُصِيبَةٍ فِي الْأَرْضِ وَلَا فِي أَنْفُسِكُمْ إِلَّا فِي كِتَابٍ  
مِّن قَبْلِ أَنْ نَبْرَأَهَا إِنَّ ذَلِكَ عَلَى اللَّهِ يَسِيرٌ

*Artosipun :” Ora ono sawijine musibah ingkang tumibo ono ing bumi, lan ora ono musibah ing kang kedadean ono awak iro, kejobo kabeh mau wis katulis ono ing kitab (lauhul mahfudz), sakdurunge Kito (Allah) nitahake. Saktemene kang koyo ngene iki perkoro kang gampang mungguhe Allah”.( QS al Hadiid 22)*

الله أَكْبَرُ 3 X ,,,, لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَاللهُ أَكْبَرُ, اللهُ أَكْبَرُ وَ لِلّهِ الْحَمْدُ.

*Hadirin jamaah Sholat Ied ingkang minulyo...*

Kawontenane musibah ingkang ngaten meniko sampun tinaqdir kaliyan Allah. Mboten perlu kito menghakimi kesalahan, bilih meniko kesalahane tiyang sanes. Mboten perlu saling “menyalahkan”, ugi mboten perlu nyalahaken dateng keadaan, mboten perlu nyalahaken dateng “ketidak beresan” tiyang sanes, ugi kesalahan menopo ingkang dipun tindak’aken kalih pemimpin2 kito.

Monggo sami kito cekapi, anggenipun nyalahaken dateng tiyang sanes...menghujat....mencaci klawan alasan musibah. Kito cekapi wontene rumaos “PALING BENER...PALING SUCI...LAN PALING NGERTI..

الله أَكْبَرُ 3 X ,,,, لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَاللهُ أَكْبَرُ, اللهُ أَكْبَرُ وَ لِلّهِ الْحَمْدُ.

*Ma’asyirol Hadirin Rohimakumullah.....*

Kawontenan Pandemi Covid-19 ngantos meniko dereng nedahaken tondo2 berkurang utawi ical. Kawontenan ingkang kados ngaten meniko, ndadosaken mani’ dateng ingkang sampun biasa kito lampahi utawi tradisi wonten ing Riyoyo2 sakderengipun...kados tradisi sungkeman, silaturahiim utawi anjangsono dateng sanak kadang lan tanggi tepalih, acara halal bihalal ugi tradisi “KUPATAN”. Keranten meniko, tanpo ngirangi semangat merayakan dan memaknai Idul Fitri, kito manfaataken kondisi kados ngaten meniko kagem taqorrub lan depe2 dateng ngarsane Allah...tansah nyenyuwun dateng Allah SWT.

Monggo sedoyo musibah meniko kito tampi kaliyan raos SABAR. Sabar dateng nopo ingkang sampun tinaqdir kaliyan Allah...ugi sabar dateng nopo ingkang sampun dipun tetapkan, dipun anjuraken lan dipun dawuhaken kaliyan poro ‘Aaliim Ulama,

saking Pengurus Nahdlatul Ulama' , Majelis Ulama ugi Pemerintah. Kito ugi kedah saget nderek nyengkuyung dateng sedoyo ikhtiyar memutus mata rantai penyebaran lan Penularan Covid-19 meniko. Dalam bersilaturrahiim lan halal bihalal wonten ing riyoyo tahun meniko, monggo kito nderek nopo ingkang sampun dipun sepakati...Protokol kesehatan tetep kito taati.

*Hadirin Jamaah Sholad Ied ingkang kawulo hormati*

Nalikane kito dipun cobu kaliyan Allah arupi wontene musibah, monggo kito tansah nampi kanthi sabar lan mboten ngresulo. Sebab menawi saget mekaten, bade nyukulake raos ridlo lan ni'mat. Lan perlu sanget kito sedoyo nyumerapi lan memahami, bilih musibah ingkang Allah paringaken dateng kito sami meniko, mboten kagem MENGHANCURKAN tiyang mu'min, ananging kagem menguji tiyang mu'min. Kados ingkang dipun dawuhaken kaliyan Sulthonul Auliya' Syekh Abdul Qodir al Jiilani RA....

وَإِنْ جَاءَتْكَ الْبَلَاؤُ فَاشْتَغِلْ بِالصَّبْرِ وَالْمُؤَافَقَةِ \* وَإِنْ كُنْتَ أَعْلَى مِنْ ذَلِكَ  
فَالرِّضَا وَالتَّلَذُّذُ \* وَاعْلَمُوا أَنَّ الْبَلِيَّةَ لَمْ تَأْتِ الْمُؤْمِنَ لِتُهْلِكَهُ \* وَإِنَّمَا آتَتْهُ  
لِتُخْتَبِرَهُ\*

Akhiripun, monggo kito tetap merayakan Idul Fitri meniko kanthi tetep waspodo, ngati-ngati lan nderek tatanan ingkang wonten. Nopo malih wonten Trenggalek meniko ingkang sampun Positif terkena Covid-19, sampun wonten 5, inggih meniko Tugu, Durenan lan Karangsono, Gembleb Pogalan lan Gandusari. Ikhtiyar lan do'a panyuwun dateng Allah tetep kita lampahi kanthi estu lan ikhlas. Mugi-mugi Allah enggal nyabut Corona meniko saking bumi Indonesia, umumipun wonten ngalam dunyo meniko. Sedoyo tansah pinaringan sehat...slamet saking sedoyo musibah...Aamiin Ya Robbal 'Aalamin.

بَارَكَ اللهُ لِيْ وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيْمِ وَنَفَعَنِيْ وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيْهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيْمِ وَتَقَبَّلْ مِنِّيْ وَمِنْكُمْ تِلَاوَتُهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ وَاسْتَغْفِرُ اللهُ الْعَظِيْمُ لِيْ وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِيْنَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنَاتِ فَاسْتَغْفِرُوهُ فَيَا فَوْزَ الْمُسْتَغْفِرِيْنَ, وَتَقَبَّلَ اللهُ مِنَّا وَ مِنْكُمْ, تَقَبَّلْ يَا كَرِيْمُ, وَجَعَلَنِيْ وَإِيَّاكُمْ مِنَ الْعَائِدِيْنَ وَ الْفَائِزِيْنَ فَاسْتَغْفِرُوهُ إِنَّهُ هُوَ الْعَفُوْرُ الرَّحِيْمُ

## KHUTBAH 2

اللهُ أَكْبَرُ (3×) اللهُ أَكْبَرُ (3×) اللهُ أَكْبَرُ كَبِيْرًا وَالْحَمْدُ لِلّهِ كَثِيْرًا وَسُبْحَانَ اللهِ بُكْرَةً وَأَصِيْلًا. لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَاللهُ أَكْبَرُ. اللهُ أَكْبَرُ وَلِلّهِ الْحَمْدُ.  
الْحَمْدُ لِلّهِ رَبِّ الْعَالَمِيْنَ. وَالصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِيْنَ. أَمَّا بَعْدُ, فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللهَ. قَالَ تَعَالَى: أَعُوذُ بِاللّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ, وَمَنْ يَتَّقِ اللهُ يَجْعَلْ لَهُ مَخْرَجًا وَيَرْزُقْهُ مِنْ حَيْثُ لَا يَحْتَسِبُ. قَالَ تَعَالَى: إِنَّ اللهُ وَمَلَائِكَتُهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ, يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا, صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا.  
اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَجْمَعِيْنَ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ, لِلْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنَاتِ, وَالْمُسْلِمِيْنَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ. اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالزَّلَازِلَ وَسُوءَ الْفِتَنِ وَالْمِحْنَ مَاظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. وَصَلِّ اللهُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَجْمَعِيْنَ. وَالْحَمْدُ لِلّهِ رَبِّ الْعَالَمِيْنَ.



## **HIMBAUAN PELAKSANAAN SHOLAT 'IDHUL FITRI PCNU TRENGGALEK**

1. Bagi daerah yang dinyatakan zona merah dan melaksanakan isolasi wilayah agar tidak melaksanakan ibadah sholat 'Id secara berjamaah serta kegiatan yang berhubungan dengan perayaan hari raya Idul Fitri.
2. Bagi daerah yang tidak termasuk zona merah dan tidak berbahaya maka bisa melaksanakan ibadah shalat 'Id secara berjama'ah baik di masjid, mushala maupun lapangan dengan mematuhi protokol kesehatan, seperti cuci tangan pakai sabun, memakai masker, jaga jarak/tidak berhimpitan, dan membawa peralatan ibadah sendiri.
3. Ta'mir Masjid/Mushola yang melaksanakan sholat 'Id berjama'ah, dimohon membentuk kepanitiaan khusus yang bertugas mengatur pelaksanaan ibadah agar sesuai dengan protokol kesehatan.
4. Apabila melaksanakan kegiatan jabat tangan (*mushafahah*) sebagaimana tradisi yang telah berlaku setelah sholat 'Id , maka cukup dilakukan dengan memberi isyarat (tanpa berjabat tangan) .
5. Bagi pendatang, pemudik, OTG, ODP, PDP, dan orang yang merasa sakit mohon kesadaranya untuk tidak mengikuti sholat 'Id berjama'ah di Masjid/Mushola/Lapangan.
6. Bagi Masjid/Mushola yang melaksanakan shalat Id secara berjamaah harap berkoordinasi dengan Pengurus NU dan/atau Pemerintah setempat.